# Kurumbidza Mwari



**Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi, iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. 1Timoti 1:17**

# Kurumbidza Mwari



**Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi, iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. 1Timoti 1:17**

## Mabasa Avapostori 16:23-34

*Pauro naSirasi mutorongo*
23 Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye
muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazvo.
24 Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati
akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

25 Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga
vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe
vasungwa vakanga vakavateerera. 26 Pakarepo pakava
nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo
dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye
ngetani dzavanhu vose dzakasununguka.

27 Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo
azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzviuraya
nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka. 28 Asi Pauro
akadanidzira achiti, “Usazvikuvadza! Tiri muno tose!” 29 Muchengeti
wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda
achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera.

30 Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, “Vakuru, ndingaita sei
kuti ndiponeswe?”

31 Vakapindura vakati, “Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe
neimba yako.” 32 Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna
vose vakanga vari mumba. 33 Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti
wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo,
akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34 Muchengeti wetorongo
akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa
nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.

**44-16 Praising God Poster**

*www.GodsPeopleStudy.org*
*Bible Verses are Shona:*
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*


## Mabasa Avapostori 16:23-34

*Pauro naSirasi mutorongo*
23 Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye
muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazvo.
24 Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati
akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

25 Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga
vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe
vasungwa vakanga vakavateerera. 26 Pakarepo pakava
nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo
dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye
ngetani dzavanhu vose dzakasununguka.

27 Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo
azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzviuraya
nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka. 28 Asi Pauro
akadanidzira achiti, “Usazvikuvadza! Tiri muno tose!” 29 Muchengeti
wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda
achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera.

30 Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, “Vakuru, ndingaita sei
kuti ndiponeswe?”

31 Vakapindura vakati, “Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe
neimba yako.” 32 Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna
vose vakanga vari mumba. 33 Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti
wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo,
akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34 Muchengeti wetorongo
akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa
nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.

**44-16 Praising God Poster**

*www.GodsPeopleStudy.org*
*Bible Verses are Shona:*
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*